मैथिली व्याकरण

## सर्वनाम

* सर्वनाम की थिक ?

लोक कोनो वस्तुक निर्देश करबाक ओकर नाम लऽ सकैत अछि वा संकेत करबाक हाथक इसारासँ। सर्वनाम कुछु एहने इसारा थिक। ई कोनो वस्तु (अर्थ) केँ प्रत्यक्षतः नहि बुझाय कोनो आन शब्द दिस इसारा करैत अछि आ ओही शब्दक अर्थ - अप्रत्यक्ष रूपेँ - एकर अर्थ मे जाइत अछि। जेना हाथ जाहि वस्तुक चाही ताहि वस्तुक इसारा कऽ सकैत अछि अर्थात सब वस्तुक सूचक भऽ सकैत अछि तहिना सर्वनाम सब नामक सूचक थिक। तेँ संस्कृतमे एकर नाम सर्वनाम "सब वस्तुक सांकेतिक नाम" भेल। अर्थात जे शब्द संज्ञाक स्थान पर आबए ओ सर्वनाम थिक। यथा - मोहन विद्यालय गेल छुट्टी। ओ पढ़ैत नहि अछि, ते मोहनक बदला ओ जे थिक से सर्वनाम थिक।